SEYANS 5

Prepare yon Lis Medya

Yon lis medya se yon dokiman ki gen yon lis jounalis, redaktè, pwodiktè, blogè ak lòt kategori moun nan medya a. Yo sèvi avè l pou voye mesaj, kominikasyon medyatik ak avi laprès.

Dokiman sa a gen enstriksyon jeneral ak pi bon fason pou w prepare yon lis medya.

Etap 1: *Deside ki platfòm ki pi adapte ak sijè w bezwen yo debat nan medya a.*

Pandan w ap kreye yon lis medya, reflechi sou ki kalite platfòm ou vle met ladan l:

- **Televizyon**: Èske sijè w vle debat la konn abitye byen parèt nan televizyon?
- **Radyo**: Èske sijè w vle debat la konn abitye byen sonnen nan radyo?
- **Jounal Nasyonal**: Èske òganizasyon w lan gen nouvèl ki dwe rive sou moun nan tout peyi a?
- **Jounal**: Èske w pare pou w prezante yon istwa plizyè mwa alavans? Èske w gen yon istwa ki pi pwofon pou w rakonte?
- **Medya Etnik**: Èske òganizasyon w lan gen nouvèl ki gen enpak sou yon kominote etnik byen presi?
- **Domèn Espesifik**: Èske òganizasyon w lan ap travay sou pwoblèm ki gen rapò dirèk ak yon kesyon byen presi, tankou edikasyon, benevola, sante, teknoloji, elatriye.?
- **Blòg**: Èske platfòm blogè a ak piblik li a koresponn ak kritè w yo?

Etap 2: *Chèche konn jounalis la, sijè a ak platfòm nan.*

- Aprann konn platfòm w ap prezante sijè w la. Gade dènye repòtaj jounalis la te fè a, sa l poste sou rezo sosyal yo epi gade nan ki sans nouvèl ou a adapte ak sijè yo debat la, prensipal bagay ki entèrese yo, jan yo wè bagay yo ak apwòch yo.
- Aprann konn ki kalite piblik platfòm nan genyen ak rezon ki pou ta fè yo entèrese nan travay òganizasyon w lan ap fè.

Etap 3: *Deside ki enfòmasyon w ap bezwen pou w kontakte yo.*

Men sa w ap jwenn nan pifò lis medya:

- **Non platfòm lan**
- **Non**
- **Siyati**
- **Travay moun nan ap fè**
- **Sijè l debat**
- **Imel**
- **Nimewo telefòn**
- **Paj rezo sosyal li yo**

Etap 4: *Chèche kontak medya a epi mete yo nan lis ou a.*

Gen yon pakèt kote w ka jwenn enfòmasyon gratis moun itilize pou yo jwenn kontak medya yo, tankou Cision, Muck Rack ak Meltwater. Men, si w pa gen aksè ak platfòm sa yo, ou ka toujou chèche enfòmasyon pou w kontakte yo sou Google, nan ti rezime yo mete sou kont Twitter yo oswa sou Linkedin.